

NAMA SISWA :

Semaken tuladhane tembang macapat ing ngisor iki banjur golekana guru wilangan lan guru lagune!

A. Maskumambang (Contoh)

Gereng-gereng Gathotkaca sru anangis	(12 / i)
Sambate mlas arsa	(6 / a)
Luhnya marawayan mili	(8 / i)
Gung tinameng astanira	(8 / a)

B. Mijil

Dedalande guno lawan sekti	(.... /)
kudu andhap asor	(.... /)
Wani ngalah dhuwur wekasane	(.... /)
Tumungkula yen dipun dukani	(.... /)
Bapang den simpangi	(.... /)
ono catur mungkur	(.... /)

C. Sinom

Nuladha laku utama	(.... /)
Tumrape wong tanah Jawi	(.... /)
Wong agung ing Ngeksiganda	(.... /)
Panembahan Senopati	(.... /)
Kapati amarsudi	(.... /)
Sudaning hawa lan nepsu	(.... /)
Pinesu tapabrata	(.... /)
Tanapi ing siyang ratri	(.... /)
Amemangun karyenak tyasing sasama	(.... /)

D. Kinanthi

Marma den taberi kulup,	(.... /)
Angulah lantiping ati,	(.... /)
Rina wengi den aneda,	(.... /)
Pandak-panduking pambudi,	(.... /)
Bengkas kahadaning driya,	(.... /)
Supaya dadya utami.	(.... /)

E. Asmarandana

Aja turu sore kaki	(.... /)
Ono dewa nglanglang jagad	(.... /)
Nyangking bokor kencanane	(.... /)
Isine donga katulak	(.... /)
Sandang kalawan pangan	(.... /)
Ya iku bageyanipun	(.... /)
Wong melek sabar narimo	(.... /)

F. Gambuh

Sekar gambuh ping catur	(.... /)
Kang cinatur polah kang kalantur	(.... /)
Tanpa tutur katula tula katali	(.... /)
Kadaluarsa katutuh	(.... /)
Kapatuh pan dadi awon	(.... /)

G. Dhandhanggula

Pamintaku nimas sidoasih	(.... /)
Anut runtut tansah reruntungan	(.... /)
Ing sarino saharine	(.... /)
Datan ginggang sarambut	(.... /)
Lamun adoh caketing ati	(.... /)
Yen cedak tansah mulat	(.... /)
Yidoasih tuhu	(.... /)
Kadyo mimi lan mintuno,	(.... /)
Ayo bareng nimas anglakoni wajib,	(.... /)
Sidoasih bebrayan.	(.... /)

H. Durma

Lingsir wengi sliramu tumeking sirno	(.... /)
Ojo tangi nggonmu guling	(.... /)
Awas jo ngetoro	(.... /)
Aku lagi bang wingo wingo	(.... /)
Jin setan kang tak utusi	(.... /)
Dadyo sebarang	(.... /)
Wojo lelayu sebet	(.... /)

I. Megatruh

Sigra milir kang gethek sinangga bajul	(. . . . /)
Kawan dasa kang njageni	(. . . . /)
Ing ngarsa miwah ing pungkur	(. . . . /)
Tanapi ing kanan kering	(. . . . /)
Kang gethetk lampanya alon	(. . . . /)

J. Pocung

Bapak pocung, dudu watu dudu gunung	(. . . . /)
Sangkane ing sabrang	(. . . . /)
Ngon angone sang bupati	(. . . . /)
Yen lumampah si pocung lambeyan gena	(. . . . /)